

# Kòm yon administratè konje peye, kisa m ap bezwen fè?

Administratè konje peye jwe yon wòl enpòtan nan Peyman Konje Fanmi ak Konje Medikal nan Massachusetts (PFML) e nan apwobasyon ak pwosesis apèl yo. Depatman Konje Fanmi ak Konje Medikal (DFML) pral konte sou ou pou w bay detay enpòtan sou aplikasyon anplwaye yo pou verifye si dokiman reklamasyon sa yo presi ase. Men kijan pwosesis sa a travay:

## Kijan pou mwen enskri yon administratè konje peye?

Yon patwon dwe gen yon administratè konje peye ki anrejistre ak DFML. Yon administratè konje peye se yon moun ki responsab pou revize ak okipe pwosesis reklamasyon paman pou òganizasyon an.

Lè ou kreye yon kont anplwayè, yo pral mande w antre yon adrès imèl ak modpas. Sèvi ak adrès imèl travay ou; tanpri pa itilize yon adrès imèl pèsonèl. Klike [la](#) a pou kòmanse.

Pou asire w ou jwenn aksè pou aplikasyon konje peye ki kòrèk yo, ou pral oblije antre Nimewo Idantifikasyon Anplwayè ou (EIN), li genyen

9 nimewo ke yo bay nan Sèvis Revni Entèn. Si ou pa gen nimewo sa a, mande Depatman pewòl nan òganizasyon w lan.

Yon fwa ou bay yon adrès imèl, EIN ak modpas ou, yo pral mande w pou verifye kont ou. Ou pral genyen pou verifye kont ou sèlman yon fwa. [Aprann plis sou pwosesis verifikasyon an.](#)

Pou kapab verifye kont ou, ou pral bezwen travay avèk yon moun oswa yon òganizasyon ki anrejistre pou okipe jesyon kont [MassTaxConnect](#) ou an.

---

### Pou jwenn done pou verifye kont ou:

1. Moun nan oswa òganizasyon ki anrejistre pou jesyon kont [MassTaxConnect](#) ou ak (administratè taks la) ap bezwen konekte nan [MassTaxConnect](#) pou jwenn enfòmasyon sou kontribisyon pou peryòd ki pi resan, ke konpayi an te aplike.
2. Nan paj rezime a, desann nan seksyon Konje Fanmi ak Konje Medikal sou bò gòch. Nan pòsyon kont lan, chwazi Revni.
3. Chwazi dènye peryòd kote ou te touche lajan. Si ou poko voye kontribisyon ou oswa yo toujou ap travay sou li, sèvi ak kantite lajan nan peryòd ki pi resan ke ou te aplike e ki te trete.
4. Ale nan deklarasyon a. Klike sou Gade oswa reklame yon deklarasyon. Lè sa a, chwazi Swivan nan pati anba a. Gade nan liy 6 epi ou pral jwenn Kontribisyon total yo dwe yo.
5. Kopye kontribisyon total lajan ki dwe pou n ka verifye li.

## Pou verifye kont ou:

1. Ou menm ki se yon yon administratè konje, ou ta dwe rantre sou kont òganizasyon ou an ou epi ale nan paj " òganizasyon ou" Si ou rive nan paj "Byenveni"an, klike sou "Ranpli pwosesis sa a" nan banyè jòn oswa klike sou "òganizasyon ou yo".
2. Sou paj "òganizasyon ou yo", klike sou lyen / non òganizasyon an ki gen "Verifikasyon obligatwa" akote li.
3. Kole montan lajan an pou peryòd ou mande sou fòm verifikasyon an nan pati kontribisyon konje peye pou verifye idantite w.

Aprè ou fin ranpli verifikasyon an, ou pral kapab resevwa notifikasyon ak verifikasyon reklamasyon yo.

Si ou pa enskri yon administratè konje nan DFML, w ap abandone wòl ou nan bay enfòmasyon ak bay rekòmandasyon pou apwobasyon oswa refi reklamasyon yo.

## Kouman pou mwen revize reklamasyon anlwaye yo?

Kòm yon patwon, ou pral jwe yon wòl enpòtan nan kenbe entegrite nan pwogram PFML la nan revize ak bay detay enpòtan sou aplikasyon pou anlwaye ou yo pou konje peye.

Ou pral resevwa yon imèl k ap fè ou konnen ke yon anlwaye nan konpayi ou reprezante an kòmanse yon aplikasyon pou PFML. Yon fwa anlwaye a fini aplikasyon yo a, w ap resevwa yon dezyèm imèl pou revize aplikasyon an.

## Byen gade detay nan aplikasyon an epi reponn anvan 10 jou ouvrab.

Si ou pa kontakte nou oswa nenpòt lòt nan administratè ki fè verifikasyon aplikasyon nan òganizasyon pa kontakte nou, n ap kontinye ak aplikasyon an avèk enfòmasyon anlwaye yo te bay.

## Konfime enfòmasyon ki nan aplikasyon an egzat epi bay plis enfòmasyon.

Men yon lis enfòmasyon yo kapab mande ou konfime oswa bay, avèk poukisa nou mande enfòmasyon sa yo.

### Èske anlwaye a te pran lòt konje peye oswa konje san peye nan ane ki sot pase a?

1. Pifò anlwaye Massachusetts kalifye pou jiska 26 semèn konbine pou konje fanmi ak konje medical chak ane . Konbinezon konje sa a ka gen ladan:
  - Jiska 20 semèn konje medikal peye chak ane pou jere yon kondisyon sante pèsònèl ki grav.
  - Jiska 12 semèn konje fanmi peye chak ane pou pran swen yon manm fanmi ki gen yon kondisyon sante grav oswa pou pase tan avèk yon timoun.
  - Jiska 26 semèn konje fanmi peye pou chak ane pou pran swen yon manm fanmi ki se yon manm nan Fòs Lame yo.
- Konje Fanmi ak Konje Medikal se yon pwogram ki ofri nan Massachusetts. Li travay ansanm ak pwogram federal tankou Lwa sou Konje Fanmi ak Konje Medikal, ak nenpòt pwogram konje endepandan ke anlwayè w la ofri.
- Nou mande si anlwaye a te pran nenpòt lòt kalite konje nan ane anvan an pou konfime yo pa itilize plis tan ke yo ta dwe pran.

### Kisa anlwaye a ap genyen?

Salè yon anlwaye jwe yon pati enpòtan nan pran desizyon nan aplikasyon konje peye yo.

- Pou w ka kalifye pou konje fanmi peye oswa konje medikal, yon anlwaye a ta dwe deja fè \$5,700 ak omwen 30 fwa konje benefis kalkile chak semèn yo peye chak semèn nan dènye 4 trimès yo konplete yo
- Si yon anlwaye gen plis pase yon travay, salè konbine pandan 4 dènye trimès ki sot pase yo ap konsidere lè yo ap kalifye revni yo.
- Ansyen anlwaye yo kalifye pou pran konje fanmi oswa konje medikal jiska 26 semèn apre yo fini demisyone de anlwayè yo a.

*Kontinye pou plis enfòmasyon >*

## Kisa orè konje peye anplwaye a ye?

Souvan, pifò moun pran tout konje peye yo nan mem moman an, anplwaye yo kapab aplike tou pou konje peye yo sou yon orè redwi oswa pran li detanzantan. Si yo chwazi opsyon sa a, yo ta dwe konfime orè konje yo avèk ou anvan yo kòmanse aplikasyon yo pou konje peye.

Gade anba a pou detay sou orè konje ak ki jan patwon an enplike nan chak:

- Konje kontinyèl (a plen tan) -Yon patwon dwe verifye enfòmasyon anplwaye a ak note nenpòt lòt konje ki te pran pandan ane benefis la.
- Konje redwi (a tan pasyèl) orè konje pasyèl yon anplwaye dwe apwouve pa patwon an byen anvan. Yon patwon genyen pou verifye enfòmasyon anplwaye an epi note nenpòt lòt konje ke li te pran pandan ane an.
- Konje tanzantan - Orè anplwaye a dwe apwouve pa patwon an byen anvan. Yon patwon genyen pou verifye enfòmasyon anplwaye a epi note nenpòt lòt konje li te pran pandan ane a.

## Èske sa sanble yon reklamasyon reyèl ?

- Yo pral mande w si nenpòt nan enfòmasyon yo bay yo parèt tankou manti oswa fo. DFML pran akizasyon fwod trè oserye.
- Nenpòt aplikasyon yon administratè ta endike kapab geyen fwod, ap mete yo sou kote pou fè plis revizyon sou yo.

## Èske ou rekòmande nou apwouve oswa anile aplikasyon an ?

- Apre ou fin verifye enfòmasyon anplwaye a bay nan aplikasyon an, yo pral mande w si ou rekòmande ke nou apwouve oswa refize aplikasyon yo sou baze lalwa ak règleman ki egziste déjà nan konpayi ou a.
- Ou pa pral apwouve oswa refize aplikasyon yo ak kesyon sa a – se DFML ki pral finalman deside sa – men rekòmandasyon ou yo pral pran an konsiderasyon lè DFML pran desizyon li.
- Si anplwaye a kalifye pou pran konje fanmi oswa konje medikal, epi si tout aspè nan aplikasyon anplwaye li verite e kòrèk, aplikasyon an ap apwouve, menmsi li pa nan avantaj anplwayè a.

## Kisa k ap pase apre mwen verifye yon reklamasyon?

### Pran yon desizyon

Lè yon desizyon fini pran pou yon aplikasyon espesifik ke ou revize, ou pral resevwa yon imèl ak yon lyen PDF ak yon avi DFML nan desizyon final lan.

Si yon anplwaye fè apèl kont yon desizyon

Anplwaye yo ka fè apèl kont nenpòt aspè nan konje fanmi peye an oswa detèminasyon konje medikal la, tankou:

- Refi pou benefis
- Modifikasyon nan konje peye
- Ki kantite benefis chak semèn
- Dire konje yo